



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KOMISYON BISANTÈNÈ KANAL ERIE POU KOMEMORE 200YÈM ANIVÈSÈ ACHÈVMAN VWA NAVIGAB ORIJINAL AK ENPAK KONTINYÈL SOU NEW YORK

Entwodwi nan diskou Eta Leta 2024 la, Komisyon an pral responsab pou yon kalandriye solid nan evènman ak aktivite pandan de pwochen lane yo.

Selebrasyon an pral fini nan Konferans Mondyal sou Kanal 2025, k ap fèt nan Buffalo lane pwochèn

Gouvènè Hochul te anonse jodi a kreyasyon Komisyon Bisantnè Kanal Erie pou komemore 200yèm anivèsè achèvman kanal Erie orijinal la. Okòmansman yo prezante kòm yon pati nan Diskou Eta Leta Gouvènè a nan mwa janvyè, nouvo komisyon sa a pral asire yo rekonèt Bisantnè Kanal Erie a atravè evènman kominotè yo, investisman kapital nan enfrastrikti kanal la, ak nan rakonte istwa divès kalite ki genyen relasyon eta ak a vwa navigab istorik sa a. Inisyativ konkrè sa yo ki pral antreprann pandan 2024 ak 2025 pral bay siyal ak etap pou pwochen syèk operasyon ak opòtinite nan sistèm ikonik Kanal Eta New York la.

"Kanal Erie a se yon pati entegral nan istwa New York, epi pandan nou ap komemore bisantnè wout navigab enpòtan sa a, nou pral onore istwa Kanal la pandan nou ap gade devan nan avni dinamik li," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke yon Nouyòkè pou tout lavi ak navigatè pasyone Buffalo ki te vwayaje Kanal la, mwen konprann siyifikasyon wout navigab sa a nan istwa Eta nou an, ak sa li vle di non sèlman pou idantite anpil kominote nò eta a, men tou pou mwayen ekonomik yo pou viv. "

Selebrasyon an pral fini ak Konferans Mondyal Kanal 2025 la nan Buffalo, 21 rive 25 septanm, ak depa Seneca Chief la, replik Buffalo Maritime Center ki pral repwodui vwayaj inogirasyon 1825 Gouvènè Dewitt Clinton lan nan eta a sou Kanal Erie rive nan Pò New York.

Pou mennen nan evènman ki pi gwo nan Buffalo an 2025, komisyon an pral sipòte evènman kominotè yo, investisman kapital nan enfrastrikti kanal yo, ak rakonte divès istwa nan rekonesans tèm selebrasyon an, "Fè Tande Plis Vwa" (Raising More Voices.) Kèk nan aktivite sa yo enkli:

- **Evènman nan kominote a:** Plizyè evènman atravè pati Nò Eta New York ki finanse pa mwayen New York State Canal Corporation ak pwogram sibvansyon Koridò Eritaj Nasyonal Kanal Erie (Erie Canalway National Heritage Corridor).
- **Atizay ak Kilti:** Patenarya ak òkès Eta New York ki gen konpozitè ki ap gen siksè ak divèsifye epi ki ofri konsè bò kanal ak pwogram edikatif.
- **Fowòm akademik:** Nan patenarya ak State University of New York ak Depatman Eta (Department of State, DOS), Seri Fowòm Bisantnè SUNY / Kanal Erie pral gen ladann yon orè konferans piblik ak diskisyon panèl ki kouvri yon seri sijè epi òganize nan kanpis SUNY. Sesyon sa yo pral eksplòre fason sistèm Kanal la kapab revitalize ak maksimize kòm yon motè devlopman ekonomik nò eta a ak jesyon anviwònman an.
- **Kit zouti pou pwomosyon bisantnè:** Sipòte atravè finansman Koridò Eritaj Nasyonal Erie Canalway ak I LOVE NY, kominote atravè Kanal la ka òganize selebrasyon lokal yo epi ankouraje mesaj ki konfòm, imaj ak videyo sou rezo sosyal, fich enfòmasyon, banyè ak kado pou devlope eksitasyon ak elan pou septanm 2025.
- **Pwojè eritaj:** Inogirasyon pou gwo amelyorasyon bò lanmè kominote a ak nouvo investisman nan pwojè prezèvasyon ak santye ak ekipman lwazi.
- **Devlopman Ekonomik:** Anons investisman soti nan Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation pou asire Kanal la rete yon motè ekonomik pou kominote nò eta yo pandan li ap antre nan twazyèm syèk operasyon li.

Evènman sa yo pral mete aksan sou wòl enpòtan sistèm Kanal la kòm yon egzantp istorik nan lespri kreyatif New York ak wòl kontanporen li kòm yon motè ekonomi nò eta a ak kòm yon avantaj lwazi piblik.

Pou premye Chèf New York William J. Hochul Jr. ak Direktè Canal Corporation Eta New York Brian U. Stratton ap ko-prezide sou yon baz volontè, komisyon an pral responsab pou planifikasyon, orè, ak egzekisyon yon seri reyinyon piblik ak evènman komemoratif pandan 2024 ak 2025.

Ko-prezidan komisyon an pral jwenn ansanm ak manm onorè komisyon an ki gen ladan Sekretè Deta Eta New York Walter T. Mosley; Hope Knight, Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development; ak Randy Simons, Komisè Pwovizwa nan Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation, OPRHP) pou prepare etap pou pwochen syèk operasyon ak opòtinite sou sistèm Kanal Eta New York 843 kilomèt la.

Premye Mesye ak Ko-Prezidan Komisyon Bisantnè Kanal Erie William J. Hochul Jr. te deklare, "Pandan nou pwòch 200 lane operasyon Kanal la, mwen pa ka panse a yon pi bon gwoup pou dirije efò nou yo nan leve divès vwa ki fòme istwa komen kanal nou an. Mwen grandi nan Buffalo, mwen te wè dirèktrman enpòtans kanal la pou kominote mwen an – pa sèlman pou bato ak lwazi, men tou kòm yon motè solid nan touris ak kwasans ekonomik. Mwen fyè pou mwen se ko-prezidan komisyon sa a

ansanm ak kèk nan lespri ki pi briyan nan eta nou an, epi mwen ap tann tout evènman ak diskisyon ki ap vini yo."

Direktè Canal Corporation ak Ko-Prezidan Komisyon Bisantnè Kanal Erie, Brian U. Stratton, te deklare, "Lavèy etap enpòtan anivèsè 200 ane Kanal Erie a, nou kontan pou nou travay avèk Gouvènè Hochul, Premye Chèf la, ak moun ki gen enterè yo ak ajans patnè nou yo pou etabli Komisyon Bisantnè Kanal Erie a. Kanal Erie a gen yon enpòtans espesyal nan istwa New York, epi nou pral angaje nan yon plan solid de lane pou make anivèsè sa a epi selebre pwochen syèk operasyon ak opòtinite yo sou tout Sistèm Kanal la pou asire yon avni dinamik ak plis enklizif. Komisyon Bisantnè a pral rekonèt vwa navigab istorik la ak enpak kontinyèl li sou kominote nò eta yo atravè evènman kominote yo, investisman kapital nan enfrastrikti kanal la, ak rakonte istwa divès ki rakonte relasyon pwofon New York ak nasyon an ak vwa navigab istorik sa a."

Sekretè Deta Eta New York la, Walter T. Mosley, te deklare, "Pandan nou ap apwoche bisantnè a, pa janm gen yon pi bon moman pou ankouraje gwo enpak Kanal Erie a sou kwasans ekonomik epi diskite sou istwa li ak anpil atansyon pou ankouraje tout divès vwa ki te fòme li yo. Mwen fyè dèske yo te chwazi m kòm yon pati nan komisyon sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip kontinyèl li."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Kanal Erie a te ede etabli Eta New York kòm yon sant mondyal pou komès, epi enpak li kontinye nan touris ak komès. Bisantnè a se yon opòtinite enteresan pou ankouraje tout fason moun yo ka itilize, eksplòre ak fè eksperyans Kanal Erie jodi a, ak moman pafè pou rezidan yo ak vizitè yo planifye yon vwayaj pou yo fè eksperyans istwa enkwayab la ak kominote bò kanal yo an premye."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Canal Corporation te vin tounen yon filyal Otorite Enèji New York an 2017, menm ane ki te make 200yèm anivèsè kòmansman konstriksyon Kanal Erie a. Nou fyè dèske, pandan peryòd bisantnè a, nou te kapab jere vwa navigab istorik sa a atravè investisman ki asire ke kanal la revitalize pou ane ki ap vini yo. Ansanm ak Gouvènè Hochul ak ajans sè nou yo ki ap patisipe nan Komisyon Bisantnè a, nou gen opòtinite pou nou reflechi sou sa Kanal Erie a te vle di pou Eta New York, epi pou nou gade alavans tout sa kanal la gen pou ofri pou jenerasyon kap vini yo."

Komisyonè Biwo Pak, Rekreyasyon, ak Konsèvasyon Istorik Pro Tem Randy Simons te deklare, "Istwa Kanal Erie a fòme ak yon varyete estrawòdinè istwa, eksperyans, ak pèspektiv. Avèk etablisman komisyon sa a grasa Gouvènè Hochul, nou ka mete tout pwennvi sa yo ansanm pou fòme yon konpreyansyon pwofon sou eritaj 200 lane kanal la, ak potansyèl li genyen pou li grandi nan lane ki ap vini yo. Mwen kontan anpil pou mwen fè pati konvèsasyon sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye defann lwazi zòn ki pi presye nan New York."

Pou rete enfòme sou aktivite ak evènman Komisyon Bisantnè Kanal Erie, tanpri vizite www.canals.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)